



Pou Piblikasyon Imedya: 26/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN JOU EGALITE FANM LAN, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KAP ELAJI RESOUS SANTE FANM YO

S.6146-A/A.5729-A egzije asirans sante komèsyal yo bay kouvèti pou tatoo ki fèt pa yon doktè nan kad operasyon rekonstriksyon tete

S.5910-B/A.4060-A egzije pwodwi pou règ nan kolèj piblik ak inivèsite yo

Tèks konplè pwoklamasyon Jounen Egalite Fanm lan disponib [isit la](#) epi y ap limen Moniman Eta an koulè vyolèt ak lò

Gade mesaj Jounen Egalite Fanm Gouvènè Hochul la [isit la](#)

Nan selebrasyon Jounen Egalite Fanm yo, Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou elaji resous pou sèvis sante fanm yo. Lejislasyon S.6146-A/A.5729-A egzije asirans sante komèsyal yo bay kouvèti pou tatoo ki fèt pa yon doktè nan kad operasyon rekonstriksyon tete. Lejislasyon S.5910-B/A.4060-A egzije pwodwi pou règ nan kolèj piblik ak inivèsite yo Gouvènè Hochul te pibliye tou yon [pwoklamasyon](#) pou nonmen 26 out 2024 Jounen Egalite Fanm (Women's Equality Day) yo epi li te anonse 13 moniman eta yo pral limen vyolèt ak lò aswè a, 26 out la. Ou ka gade yon mesaj videyo Gouvènè Hochul [isit la](#).

"Fanm yo fè gwo pwogrè nan batay pou dwa egal, men gen plis bagay ankò ki pou fèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap toujou yon lidè nan pwoteje ak elaji dwa fanm yo. Antanke premye fanm ki sèvi kòm Gouvènè gwo eta sa a, mwen pral kontinye defann egalite fanm ak swen sante repwodiktif."

Lejislasyon S.6146-A/A.5729-A egzije asirans sante komèsyal yo bay kouvèti pou tatoo nan kad operasyon rekonstriksyon tete si tatoo sa a fèt pa yon doktè oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante k ap travay nan kad pratik yo.

Senatè Eta Cordell Cleare, te deklare, "Batay kont efè ravajan kansè nan tete ak tretman ki gen rapò ak yo ase difisil poukont li. Ajoute sou sa a, gen estrès nan lespri ak kò, ki gen ladan chanjman fizik. Pwojè lwa sa a pral ede sivivan kansè nan tete ki fè eksperyans rekonstriksyon tete epi li pral ede yo santi yo parèt konplè. Mwen vle

remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa enpòtan anpil sa a, pou ede sivivan nou yo geri fizikman, mantalman ak emosyonèlman."

Lejislasyon S.5910-B/A.4060-A egzije pwodwi pou règ nan tout bilding kolèj ak inivèsite piblik yo.

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Pwodwi pou règ yo se yon nesosite sante fondamantal, epi pèsonn pa ta dwe retni nan etid, travay, oswa lavi paske yo pa gen mwayen oswa aksè ak yo. Mwen ekstrèmman fyè ke pwojè lwa nou an ki fè pwodwi pou règ yo disponib gratis nan tout twalèt SUNY ak CUNY yo te siyen an lwa. Lejislasyon sa a se yon gwo etap pou pi devan nan batay nou pou fini ak povrete peryòd la, diminye estrès finansye ak estigma souvan ki antoure règ, epi mennen nou pi pre vrè ekite ak diyite pou moun ki gen règ. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen lejislasyon enpòtan sa a nan Jounen Egalite Fanm yo ak Prezidan Sante Asanble Amy Paulin paske li te defann pwoblèm sa a avè m."

Manm Asanble Amy Paulin, te deklare, "Jodi a, Gouvènè Hochul fè avanse swen sante fanm yo. Lè nou egzije kouvèti asirans pou tètò tete kòm yon pati nan pwosesis rekonstriksyon pou sivivan kansè nan tete, n ap asire ke fanm yo gen aksè ak tout gam swen yo bezwen epi yo merite. Sa a pa gen pou wè ak pwodwi kosmetik – li gen pou wè ak ede sivivan yo santi yo konplè ankò apre yon eksperyans difisil sou plan fizik ak emosyonèl. Nou mande tou ke kolèj piblik ak inivèsite yo bay pwodwi règ gratis nan twalèt kanpis la, se yon etap enpòtan nan konbat peryòd povrete. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa yo an lwa ak pou angajman li pou amelyore swen sante pou fanm New York yo."

Se te Bella Abzug ki te Reprezantan New York, ki te entwodui l alorijin nan lane 1971 epi Kongrè Ameriken an te adopte l nan lane 1973, yo te konsidere 26 out antanke Jounen Egalite Fanm pou komemore sètifikasyon 19yèm Amandman an nan lane 1920 ki te bay fanm dwa pou yo vote.

Nan dat 26 out la, Gouvènè Hochul te bay lòd pou limen moniman Eta yo ak koulè vyolèt ak lò pou onore Jounen Egalite Fanm lan.

Aswè a y ap klere 13 moniman ki gen ladan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)

- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)